Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК

# Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 11 (9803) /25 март 2019 с. / итни 19 Ражаб 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




**День работника культуры отмечается в нашей стране ежегодно 25 марта. Этот профессиональный праздник деятелей культуры и искусства, людей творческих профессий, а также хранителей и популяризаторов культурного наследия установлен Указом №1111 от 27 августа 2007 года Президента РФ Владимира Путина. Именно культура формирует самосознание человека и целых поколений, ее развитие влияет на образование и эстетическое воспитание детей и молодежи, мотивирует созидание и творческий поиск.**

## Поздравление

***Уважаемые работники культуры! Поздравляем вас с профессиональным праздником, желаем вам творческого вдохновения, полета мыслей и фантазий, успешной реализации новых проектов. Пусть будут здоровы и счастливы ваши близкие, а в ваших семьях царит гармония и любовь.***

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.*

## ХI.Н. МахIачевасе - 68 сон

19 марталда 68 сон тIубалаан Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул председателасул заместитель, пачалихъияв хIаракатчи, чанго соналъ Пачалихъияб Думаялда депутатлъи гьабурав, жамгIияв гIуцIарухъан, гIемерал шапакъатазул кавалер, профессор ва нилъер ракьцояв ХIажи НухIиевич МахIачевасул.



ХIажи МахIачев гIумруялдаса ватIалъун ана щуго соналдаса цIикIкIараб заман. Гьеб буго нилъее ккараб кIудияб ками.

*РЕДКОЛЛЕГИЯ.*

## Райадминистрациялда - цадахъаб данделъи











19 марталда районалъул администрациялда тIобитIана активалъулгун депутатазул Собраниялъул цадахъаб данделъи. Гьелъул хал гьабиялде босун букIана Россиялъул Президент В.В.Путиница Федералияб Собраниялде гьабураб ХитIабалъул аслиял рахъазул бицен гьабиялъул суал.

Гьенире гIахьаллъана - районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал, ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.А. Адимирзаев, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов, росабазул администрациябазул бутIрул ва гь.ц.

Активалъул хIалтIи байбихьилелде, гьениб, Дагъистан Республикаялъул ГО ЧСалъул Министерствоялъул рахъалдасан, «**Лъелъ гъанкъулел рукIарал хвасар гьариялъе г1оло**» медаль кьуна Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школалъул ц1алдохъан Адам Арсанмирзаевасе.

Россиялъул президент В.В. Путиница Федералияб Собраниялде гьабураб ХитIабалда т1асан к1алъай гьабуна ХI.А. Адимирзаевас.

ХитIабалъул аслиял рахъазде к1вар буссинабулел к1алъаял гьаруна - З.С. Темирбулатовалъ (Дилим росдал гимназиялъул директор), Х.ГI. МухIамадхIабибовас ва А.М. МухIамадовас (районалъул депутатазул Собраниялъул депутат).

Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас данделъиялда гIахьаллъаразул пикру буссинабуна Россиялъул Президентасул ХитIабалъул аслияллъун кколел рахъазде - социалиябгун экономикаялъул, националиял проектал гIумруялде рахъинариялъул суалазде.

Гьес абуна: ***«Владимир Владимировичас хасаб кIвар кьолеб буго социалияб рахъалде, пачалихъалъул, муниципалитетазул хъулухъазде лъугьунезул хIадурлъи букIине ккеялде, х1акимзабаз, ракIунтун, жидерго кинниги, гIадамазул хIажалъаби т1уразе тIадаб бук1иналде. Хъулухъалда ругезул рек1елъ - чIухIи, гIамал кIодолъи рук1ине бегьунгут1иялде, гьарулел ишазулъ ва бицунелъулъ х1урматгун адаб рехи риччангутIиялде. Нилъер щивасда ва кидаго ракIалда букIине ккола гьеб кинабго.***

***Республикаялъе нухмалъулезул кумекалдалъун, нилъеда кIвезе буго гIезегIанго цере ч1арал масъалаби бет1ералде рахъинаризе. Гьезда гьоркьор руго - кIиго лъималазул ах, Ленинаулалда, Буртунаялда школал рай, Алмахъалде тIабигIияб газ, Гуни, Гертма, Хубар росабалъе, ракьулъан кабельги лъун, ток рачин, Ленинаул росулъ лъел мухъ ц1игьаби, Дилим - Миякьо шагьранухалъул (ИчкIаялдасан унеб) бут1аялде хъил тIей ва гьел гурел цогидалги хIалтIаби.***

***Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М-п. (К-п.) Д. ГIумахановгун цадахъ, нижеца тIадчIей гьабизе буго гьел масъалаби бет1ералде рахъинариялда»,***-ян.

Данделъи ахиралде щвана гьенире гIахьаллъараз Россиялъул Президент В.В. Путиница гьабураб ХитIабалъул рахъ ккве-ялъул хIукму къабул гьабиялдалъун.

*И. ИДРИСОВ.*

## Россия ва Крым — даималъ цадахъ

18 марталда нилъер улкаялда кIодо гьабула Россиягун Крым цолъиялъул къо. Россиягун цолъи букIана Крымалъул ва Севастополалъул халкъалъул мурадлъун. Гьеб гьедин бук1ин халкъалъ бихьизабуна 2014 соналъул 16 марталда тIобитIараб референдумалда.



Гьелда хурхун, гьал къояз культураялъул Централда, г1олеб г1елгун х1алт1и гьабиялъул бет1ерай специалист Рисалат Сурхаевалъул жигарчилъиялда т1обит1ана, **«Россия ва Крым-даималъ цадахъ»** абураб ах1иялда гъоркь, рохалилаб данделъи. Гьенире г1ахьаллъана культураялъул х1алт1ухъаби, лицеялъул ц1алдохъаби ва цогидалги.

Данделъи т1обит1иялъул аслияб мурадлъун бук1ана г1олеб г1елалъул Ват1аналде, халкъалде, нилъер тарихалде рокьи, адаб-х1урмат бижизаби.

Рисалатица данделъиялда бицана Крым Россиягун цолъаралдаса араб щуго соналда жаниб гьенир ккарал хиса-басиязул ва церет1еязул, рихьизаруна видеороликал, ц1алдохъабаз ах1ана гьудуллъигун вацлъиялда хурхарал куч1дул.

Гьединго, ц1алдохъабазда гьоркьоб гьениб т1обит1ана анкетированиеги.

*А. ДИБИРОВА.*

**Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,**

*Инсан ва гIумру*

# РацIцIалъи щай цIунулареб?

СССР биххун хадусан ккарал хиса - басиязул хIасилалда, кьучIдасанго хисана (квешаб рахъалде) кинабго. Гьел хиса- басиязул аслияб бакI кколезул цояблъун буго, хIаталдаса ун, тIубараб улкаялдаго, ришни-къул цIикIкIин.

Гьелъ нилъее, тIабигIаталъе кьолеб заралалъул бицине дун лъугьинаро, гьеб киназдаго лъала ва бихьула. Гьанже бугеб ахIвал - хIал бугони, ракIчIун абизе кIола, нилъ рощнолъ къан хутIизе ругин. Гьедин кин абилареб, къватIаздаса байбихьун, гIурдаллъаби, кIкIалал, рохьал, лъел мухъал ва гь.ц. ришни-къулалъ **«кверде росун»** ругони?!



ГIолеб гIелалда кколеб батила гьедин букIун батилин нилъеда сверухълъи цебеги. БукIинчIо! Доб заманалда рукIинчIо кванил нигIматал, батIи - батIияб къайи-цIа цIуниялъе хIалтIизабулеб пластика (къучIби, шушби ва г ь.ц.). Аслияб къагIидаялда х1алтIизабулаан кагъат, хIажалъи тIубан хадуб, гьеб бухIулаан. Тукадаса, базаралдаса ва цогидал бакIаздаса босулебщинаб лъезе хIалтIизарулаан - сумкаби, сеткаби (авоська) ва гь.ц. Цоги хIажалъи ккезегIан гьел цIунунги толаан. Гьедин гьабиялъул хIасилалда, ришни-къул букIунароанин абизе бегьула. Гьаб заманалда гIадамаз бакI-бакIалде рехулеб буго чIахIияб къайиялдасан (мебель) байбихьун, кинабго рукъоб хIажалъи гьеч1ебщинаб, гьеб къойидаса къойиде цIикIкIунебги буго. ГьитIи-бикъинаб гIузру бакканиги, тIагIел-гIучI ва къайи -цIа рощнолъе рехулеб буго. Цебе заманалда гьанже гIадаб гьарзалъи букIинчIо.

Умумуз абулеб батана щиб букIаниги гIемерлъани, гьелъул къимат холин. Гьеб битIарабги буго. ГьечIебани, Калининаулалдаса Хайродин Висаитовас абухъего, чедги ва цогидал кванил нигIматалги рошнол гохIазде рехун рукIинароан.

БихьичIезда бичIчIунаро. ЧIахIияз ракъул заманалъул бицунеб мехалъ, гьанжесеб гIелалъ гьеб гIадахъ босуларо. Гьезда кколеб буго бугеб гьарзалъи даималъ букIинин (Амма нилъер цонигияс пикру гьабуларо, гьарзалъиялда цадахъ, киналъулго пайдалиял рахъал цIакъ гIодорегIанал рук1ин).

Нилъер умумузда бищунго **«бегIер»** цере чIарал масъалабазул аслияблъун букIана ракьул масъала. Гьелъ, доз гьелъул сундасаго къиматги гьабулаан. Гьанже ракь кколеб буго ришни-къулалъ. Щай? Нилъецаго гIезабулеб дагьлъараб заманалда ракь щибизеха хIажалъилеб? АнцI-анцI соназ бокьа - бокьаралъубе бараб ришни-къулалъ кьолеб зарал бихьичIо власть кодоб бугезда, бихьаниги, гьелде кIварги буссинабулеб букIинчIо. Гьезда ахиралдаги бичIчIана, хиса-баси гьабичIони, ахир лъикIаб ккезе гьечIеблъи.

Ришни-къулалъул хIакъалъулъ рахъун рукIарал ва рахъарал законазул бицине дун лъугьинаро, рахъун рукIаниги, гьел хIалтIулелги рукIинчIо. Хьул буго Федералияб Собраниялде Россиялъул Президент В.В. Путиница гьабураб ХитIабалда ришни-къулалъул суал борхиялъгIаги **«хвараб точкаялдаса»** гьеб цебехун инин.

Гьес гьениб абуна: **«Нилъер гIадамазул цIакъго рахIат хвезабулеблъун буго тIабигIат цIунизе ккеялъул суал. Гьелъул бищунго кIвар бугеб бутIалъун ккола коммуналиял хутIелал.**

**Нужеда ракIалда батила тIоцебе ришни-къулалъул суал гIадамалгун дир цере рукIарал гара-чIвариязда (прямая линия) борхун букIараблъи. Ришни-къулалъул суалалда сверухъ хIалтIи гьабулеб букIинчIо. Гьелъ, гьеб балел бакIал ц1акъ г1емерлъун руго. Гьел бакIазда тIубарал гохIал ришни-къулалъул руго. Бищунго гIадамазул рахIат хвезабулеб буго гьел «гохIал» яшав гьабулел бакIазда гIагарда рукIиналъ. Тамашалъи гьабизе ккараблъун буго ришни-къул балел бакIазда гIагарлъухъ минаби разе ихтияр кьей. Щив гьелде ургъарав? Гьел раялъе документал кин кьурал? Дица хитIаб гьабулеб буго власть кодоб бугел киналниги даражабазул хIакимзабазде, гIадамаз рорхарал суалал квер хьвагIун тезе бегьуларо, захIматал ругониги, гьел бетIералде рахъинаричIогоги рорчIизе гьечIо. Ришни-къул баччиялъухъ цIикIкIун гIарац боси хIалти гуро, жагьилал ишаздалъун, къимат хвезаби буго. ГIадамазда якъин бихьизе ккола сундухъ жидеца цIикIкIараб къадар гIарцул кьолеб бугебали ва кинал хиса-басиял кколел ругелали. Цоги тамашалъи гьабизе ккараблъун буго, дунго гьоркьове лъугьун гурони, цо-цо суалазда тIад хIалтIи гьабизе байбихьунгутIи. Цо чанго нухалда дица абуна жанисел ишазул Министествоялде ва Прокуратураялде гьеб рахъалъ гIадлу - низам гьабиялъул хIакъалъулъ, амма цебетIей бихьулеб букIинчIо. Команда кьезе ккана ришни-къул балел бакIазда хъаравуллъи чIезабиялъе ва щивниги гьениве виччангутIиялъе. Гьеб суалалда тIад хIалтIулел конторабазе, жидерго чвантаялъул гурони, ургъел гьечIо. ТIолгороссиялъул халкъияб фронталде дица гьарула гьеб суал жидерго халкквеялде босеян. ГIагараб кIиго соналда жанир къазе ккола шагьаразде гIагарде кколел 30 чIахIиял, проблемнияллъун ругел ришни-къул балел бакIал, цIикIкIинабизе ккола гьелдаса пайда босиги.**

**БачIунеб гIелалъухъе нилъеца кьезе ккола, экология цIуниялъул рахъалъ, сах-саламатаб улка»,**-ян.

Унгоги, улкаялъул президентас жиндирго хитIабалда ришни-къулалъул суал борхизе ккараб заманалда бичIчIине ккола, бичча- бихъан теялдаса гьеб унеб букIин. **«БегIерго»** чIун буго ришни-къулалъул суал Дагъистаналдаги. Нилъер гьанибги гьеб камураб бакI гьечIо. ЦIикIкIунисеб халкъ бусурманаб бугеб бакIалда чороклъи букIиналъ бихьизабуларищ нилъедаса диналъ, тIоцебесеб иргаялда, тIалаб гьабулеб рацIцIалъи нилъеца цIунулеб гьечIолъи? ТIабигIат хвезабиялъул хIакъидаса ва мунагьалде ккеялдаса хIинкъуларел ругони, хIинкъулищ цогиял мунагьал гьаризе? Гьелда щаклъизе бачIуна.

Ахириял соназ борхулеб буго Дагъистаналде туристал рачIиналъе тадбирал тIоритIиялъул суал, щайгурелъул, гьелъ гIезегIанго кумек гьабизе бугелъул нилъер гIадамазул социалиябгун экономикияб рахъал лъикIлъизариялъе. Амма гьабсагIаталда бугеб ахIвал-хIал бугони, рачIинадай гьел гьанире? Дагьабниги хIухьбахъизе бегьулел ва рихьизе бокьулел бакIал ришни-къулалъ ккун ругони, тамашаха цо нухалъ гьенире щварал кIиабизе рачIинел. Гьанире щваразул биценал, рихьизариял кьочIоеги росун, гьай-гьай, цогиязулги хиял лъезе гьечIо нилъехъе рачIине.

Хал гьабураб заманалда бихьулеб буго нилъеца нилъго тIад чIараб гIаркьел къотIулеб букIин. Гьелда тIад нилъ киналго ургъичIони, кватIун ккелародай ва бачIунеб наслуялъ нилъее нагIана кьелародай?

РачIа гьелда тIад ургъизе.

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.*

***РакIалдещвеял***

# ТIоцевесев мугIалим



ГIемерисел дандчIваязда бицен букIуна арал соназул лъугьа-бахъиназдагун ракIалдещвеязда сверухъ. Хасго гьеб загьирлъула классцоязул дандчIваязда. Гьай-гьай, гьенир рехсола цадахъ цIалулел рукIарал, мугIалимзаби, хасаб бицен гьабула тIоцевесев мугIалимасул хIакъалъулъ. Заманалдасан цо-цо предметал кьолел рукIарал кIочаниги, тIоцеве вукIарав мугIалим киданиги кIочонаро ва гьесулгун бухьен тIоларо.

Нижер тIоцевесев мугIалимлъун вукIана Калининаул росулъа Гереханов Байтархан. 81 сонил гIумру нахъ таниги, нижгун хIалтIулаго букIараб гьесда кIочон гьечIо. РакIбацIцIадав, жавабчилъи цIикIкIарав, жиндир лъималазул кинниги,нижер тIалаб гьабулев чи вукIана гьев. ЧIахIиял классазда цIалулел ругониги, Байтархан нижгун дандчIвалаан, гьевгун ниж рикIкIадал экскурсиябазде унаан. Цо нухалда гьес нижее бицана: **«Дун рагъулаб хъулухъ тIубазе ккана гIорхъи цIунулезул мухъилъе. Нижер застава букIана Афгъанистаналъулгунисеб гIорхъода. Риидал цIакъ багIарараб (70 градусалъул хинлъи букIунаан гьениб), хасало цIакъ цIорораб бакI букIана гьеб. Чуяздаги**



**рекIун, кинаб гьава-бакъ букIаниги, 30-40 км. ниж ине кколаан гIорхъиялъул хал гьабизе. МугIрузул бакI букIиналъ (нижер застава букIана 5 км. цIикIкIараб борхалъиялда) гьениб цIакъ хеккого гьава-бакъ хисулаан. РоцIараб ва хинаб къо хасалил къоялде сверулаан. Цо нухалъ гьалмагъги дунги чуяз рачана рукъоре, бахъараб пуялъ цоцазда рихьулеб ахIвал-хIал гьениб букIинчIо. Гьедин захIмат букIаниги, заман букIана аваданаб, цоцазул рахъ кколеб ва цоцазе кумек гьабулеб. Афгъанистаналдаги нилъеда гьоркьобги букIана цIакъ бацIц1адаб Пяндж гIор. Афгъанистаналъул рагъухъаби тIолабго къоялъ рихьулаан рагъулаб хIадурлъи гьабулел. Гьезда ракIбухIун рукIунаан ниж. Цо къоялъ гьениве вачIун вугоан къачIа-кIатIарав чи. Гьев чоде вахунелъул цо рагъухъан ункъида чIана.**

**Гьесул мугъзада хIетIеги лъун, вахана гьев чи чоде. Гьеб нижеда цIакъ гIадлъун бихьана. Гьелде тIадеги, рагъухъан, чIолохъжоги ккун, чода цеве-цеве векерулев вукIана.**

**Нилъераз гIорхъи ясбергIадин цIунулаан, амма афгъанцаз гьедин гьабулароан. Посталда чIарав рагъухъан, гIодовги чIун, Къуръан цIалулев вукIунаан.**

**Дида кинго кIоченчIо гьениб ккараб цо лъугьа-бахъин. Гьеб букIана цIакъ цIорораб къо. ГIоралда чIвараб цIералдасан нилъер рахъалъе ячIун йигоан кетеналъул таргьил гьабураб гурде гурони тIад гьечIей ва гIицIал хIатIалгун цо чIужугIадан.**

**ЦIороялъ гьелъул хIатIал чIегIерлъун ругоан. Гьей йихьарай нижер командирасул чIужуялъ гьелъие кьуна гъоркьан ретIулеб ретIел, пальто, этекал ва гь.ц. Гьенисан гьей йитIана цIех-рех гьабулезухъе. ГIурул доб рагIалда къоялъ доре - нахъе хьвадулел рукIана ясги васги. Гьел дой чIужуялъул лъимал рукIун ратила.**

**Ахиралдаги цо афгъанцас гьел нахъе рачун ана. Гьей гIаданалъул ккараб нижеца цIехана. Гьей нахъе йитIанаян абуна командирас, амма, капурзабахъе унилан, жидеразго гьей чIвазеги бегьулилан тIадеги жубана. Бихьулеб букIана афгъанцал цIакъ мискин рукIин, гьез хIат1азда ретIарал цIулал чакмабазул гьаракь нилъер рахъалде рагIунаан. Гьениб рагъулаб хъулухъалда дица бахъана 3 сонги 6 моцIги»,**-ян.

ГIумрудул цIикIкIарал сонал ругониги, Байтархан хIалтIи гьабичIого чIоларо. Гьес ва лъади ПатIиматица, битIараб тарбия кьун, гIезаруна ва гIумрудул нухда тIоритIана кIиго васги лъабго ясги.

*СалихI САЛИХIОВ, Гъизилюрт шагьар.*

# КОНФЕРЕНЦИЯ ТIОБИТIАНА

14 марталда культураялъул Централда тIобитIана канлъи дагьазул гIуцIиялъ 2018 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялъул конференция.

Гьенире гIахьаллъана - культураялъул управлениялъул начальник А.И. Ибрагьимов, МФЦялъул директор Раисат ХIайбулаева, КСЦОНалъул отделалъул начальник Джумадил Минсултанов, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул Централъул хIалтIухъан Сапият Насирдинова ва гь. ц.



2018 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьейгун гьенив кIалъазе вахъана рехсараб гIуцIиялъул председатель М.М. Абулаев. Гьес абуна: **«ГьабсагIаталда районалда бугеб канлъи дагьазул отделалъул хIисабалда вуго 268 чи. Араб соналъ гьезул цо къадаралъе кьуна батIи-батIиял продуктабазул наборал. Канлъи дагьаз жигараб гIахьаллъи гьабула республикаялда тIоритIулел къецазда ва конкурсазда.Гьел гIахьаллъана КъуръанцIалиялъул, шашкаби, шахматал хIаялъул къецаздаги.**

**Гьединго, гIуцIун рукIана республикаялъул шагьаразде ва Грозныялде экскурсиял. Каспийск шагьаралда бугеб беразул унтабазул Централде вачана 45 чи. Нилъер гIуцIиялда ругез жигараб гIахьаллъи гьабула районалда ва республикаялда тIоритIулел батIи-батIиял тадбиразда. 2018 соналъ махщел щвеялъе цIализе витIана цо чанго ва хIалтIудалъун хьезавуна 2 чи.**

**БатIи-батIиял тадбирал тIоритIиялъе гIарцулаб кумек гьабуна-районалъул администрациялъ, Дилим росдал администрациялъул бетIер Ибрагьим МухIамадовас, «Башир» тукадул бетIергьанчи ТIайгиб Сулеймановас, «Лидер-Пласт» ва «Стандарт» г1уц1абазул учредителал: М-расул МухIамадовас, Салман Висалгереевас, предпринимателал: Ибрагьим Ибрагьимовас, Давуд Эсенаевас (Дилим), МахIач ва Мухтар МухIамадоваз (Буртунай), Хасавюрталда бугеб «Имаш» тукадул бетIергьанчияс ва цогидаз»**,-ян.

ХIисабкьеялъул докладалда тIасан кIалъана – Юнус ХIусенов, Музар Х1ажибатыров ва Хадижат ПабдулахIитова. Конференциялъул делегатаз 2018 соналъ гьабураб хIалтIуе кьуна гьоркьохъеб къимат.

Данделъиялъул ахиралда делегатазул суалазе ч1ванкъот1арал жавабал кьуна - Р. ХIайбулаевалъ, С. Насирдиновалъ ва Д. Минсултановас.

*И. ИДРИСОВ.*

# Биччанте гьанжесеб гIелалъги вацлъи цIунизе

19- аб. гIасруялда Россиялъул пачаясде дандечIеялъул рагьазулъ гIемераб къварилъи бихьана Дагъистаналъул халкъалда.Доб заманалда лъабго нухалъ бухIун буго гIурусаз нижер Данухъ росу.

Лъабабилеб нухалъ бухIилелде,гуккун магьилъеги ракIаризарун,аскаралъ сверунги ккун, гьел гочинарун руго Санкт Петербургалда гIагарда бугеб Тихвин абулеб бакIалде. Гьенир цо чанго соналъ гьел кванаезе жо гьаризе унел рукIун руго. Нижер руччаби, батIи-батIиял унтаби ккун, гьенир хола. Росу бухIун хадуб, тIоцеп бакIаризе чи хутIичIого, ЧIикIаса Пазуласул,г1иялда гьеб кваназабула, цогияб маг1ишат сверухъ ругел росабазул гIадамаз жидеего босула. Гьедин букIин бихьула магIарда хутIарал гIухьбузда. Ссылкаялдаса тIадруссиндал нижер бихьиназ сверухъ росабалъа ясал рачун руго.

Гьезда гьоркьоса рехсезе бокьун вуго дир эбелалъул эмен - кIудияв Чончолав. Лъеберго соналъ росдае бетIерлъи гьабурав гьесда наибас гьикъула: **«Дуца щиб хIалтIиха гьабураб,Чончолав.Цогидал наибаз гIемерал гIакIаби рахъун руго жидер росулъа гIадамазухъа»**,-ян. Чончолас абула: **«Дица цо чиясухъа гIабаси (20 коп) бахъун букIана, гьебги тIадбуссинабуна»**,-ян. **Гьале нужеда гьоркьов хIалтIи лъикI гьабурав чи»**,-янги абун, наибас гьесул квер босула.Чончоласул хвелги шагьидасул ккола. Мажгиталда какги бан, тIад вуссарав васас (Юсуп) эбелалда гьикъула: **«Щай эмен какде вачIинчIев»**,-ан.

**«Эмен анагури»**,-ян эбелалъ абидал, вас, хехлъи гьабун, рукъалда цебе букIараб кьурде гъоркье векерула. Эмен гьасда жеги хвечIого ватула. Инсуца гьесда абула: **«Дуе нух гьанисан бугинги абун,цо мегеж хъахIав чияс дун гьанив лъуна»**,-ян. Цониги лага-сан гьесул бекун букIун гьечIо. Лъадиялъ (МелъелтIаса гьоболасул яс –Хамизица) гьесие тIадехун рехсарав Юсупги кIиго ясги гьарун руго. (Ясазул цояй- ХIабизат ккола дир эбел) цее йикIарай лъадиялъ гьесие гьарун рукIуна кIиго васги цо ясги. Гьел лъабалго хола.

Юсуп, лъади ячун хадусан, инсул гIи гъутаналде щвезабизе ун вуго. Гьесие гьарай цо яс хола ва лъади кIиабилеб лъимаде йикIуна. ТIадвуссун вачIинаго, гьев Буртунаялда сордо базе чIун вуго. Байтерик росулъа цо чачанасул 13 сон барав вас (боцIи хьихьун вукIарав чи) тIагIун вуго. Пемерал къоялдасан, гьев чIван ватун вуго. Чачаназда лъан буго гьев Данухъа цо цIогьорас чIван вукIин. Гьесул чуги, Юсупилго гIадин, цIахIлаб букIуна. Чачаназ киса-кибего лъазабун букIуна гьев чи вихьани, жидеда лъазабеян. Гьезде хабар бачIуна гьединав чи вихьанилан.

Чачаназ гьесие гъоркьчIел гьабула ва гьесде кьвагьула. АскIоре щведал, жеги хвеч1ев Юсупица чачаназде абула: **«Дида щай нужеца речIараб»**,-ан. Чачаназ гьесда цIар цIехола. **«Дун Данухъа Юсуп вуго,нижер росулъе хабар гьабе»**,-янги абун, гьев хола. Чачаназда бичIчIуна жалго мекъса ккараблъи, росулъе хабарги ккезабун, гьез гIолохъанчи вукъула. Тушман чIвазе мурадалда, 16 сон барай ХIабизат, тIад буртинаги ретIун, тIагъурги лъун, ханжарги рачлихъ бан, къватIие яхъуней йик1уна, амма ХIабизатица гьей йиччан гьечIо. Чанго къоялдасан чачанал рекъел гьабизе рачIун руго. Гьезда цадахъ вукIуна жинца Юсуп чIварав Ханмирза абулев чиги. Доб заманалъул гIадаталда рекъон, гьев вукIуна горбода мусруги бан, хIатIида гIицIго.

Юсупил эбелалде гьез абула: **«Гьале дур вас чIварав чи, гьав чIвани, гьасул би нужее хIалал буго, тIаса лъугьани, Аллагьасул кириги нижер баркалагун цоцалъ гьуинлъиги рукIина»**,-ян. Яц ХIабизат гьев чIвазе йортула.

Эбелалъ гьей нахъе ячуна. Васги чIван, дир г1адин бух1араб керен, гьесул эбелалъулги дица бух1изабилароян абула гьелъ. Дида лъала рухIалил къиматанги абун, аскIовеги ахIун, къвалакьеги вачун, гьелъ, г1адаталда рекъон, тушманасе керен кьола ва гьанжеялдаса мун дир вас вугин абула.

Юсупил ч1ужуялъ вас гьавула ва гьесда **«Юсуп»,-** ан ц1ар тола. Гьев к1удияв г1ола ва К1удияб Ват1анияб рагъде уна. Юсуп сах-саламат рагъдаса т1адвуссуна. Гьесие лъади ячун хадуй, эбел хола. Гьаюрай ясалъе гьес эбелалъул ц1ар кьола. Хадусан Юсупги лъадиги рат1алъула ва гьес цогияй ячуна. Гьелъ гьесие 4 васги цо ясги гьарула, амма гьезул лъабгояв сакъаталлъун лъугьуна. Хвезег1ан Юсуп районалъул рохьихъанлъун х1алтана. Гьесул эмен ч1варав чачанасул г1агарлъиялъ гьесие вацлъи гьабуна. Дов, Юсупил эмен Юсуп ч1варав чачанав, высылкаялда хун вуго. Гьесул наслуялъ вацлъи хвезе теч1о. Юсупил сакъатал васазда рилълъине к1олароан. Хъвазеги ц1ализеги, лъицаго мальич1ониги, гьезда лъалаан. Гьел, кодорги ккун, къад къват1ире, къаси жанире росизе кколаан.

*М-запир Г1АБДУЛМАНАПОВ, Данухъ росу.*
*(Хадусеб букине буго).*

# Ниж гьасдаса чIухIула



**Таслим Султанбегович Байбулатов** гьавуна 1974 соналъ Гуни росулъ. Школалда цIалулеб заманалдаго загьирлъана Таслимил гIелмуялдехунисеб рокьи. Гьедин букIиналъ, гьес школа лъугIизабуна **«5»** къиматазда ва гьев лъугьана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул академиялде. Гьенив цIалулеб заманалдаги Таслимица бихьизабуна цIалулъ, академиялъул жамгIияб гIумруялъулъ тIокIлъи. Гьелъ, гьесие щолаан хасаб ва цIикIкIараб стипендия.

1997 соналъ бакIараб дипломалда академияги лъугIизабун, Таслим гьенивго хIалтIизе чIана ва лъугьана аспирантуралде, цадахъго, гьев вукIана гIолохъанал гIалимзабазул Советалъул председательлъунги.

2002 соналъ Саратов шагьаралъул аграрияб университеталда Таслимица цIунана кандидатасул диссертация. 2004 соналдаса байбихьун, доцент Т. Байбулатов хIалтIулев вуго механизациялъул кафедраялда. Гьес хьвана 50-ялдаса цIикIкIараб къадар гIелмиял хIалтIабазул. Россиялда ва гьеб тун къватIирехун гьесул хIалтIаби кIодо гьаруна медалаздалъун ва дипломаздалъун.

2009 соналъ тIобитIараб **«Бищун лъикIав гIолохъанав гIалимчи»** абураб конкурсалда Таслимица бергьенлъи босана. Гьединго, гьев мустахIикълъана президентасулгун ХIажи МахIачевасул грантазе.

2011 соналъ Волгоградалда гьес цIунана техническиял гIелмабазул докторасул диссертация. 2018 соналъ гьесие кьуна **«профессор»** абураб тIадегIанаб цIар.

Таслимица ва лъади Равгьанатица гIезабуна кIиго лъимер. Гьал къояз Таслимил т1убана 45 сон. Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, Таслимида баркизе г1умрудул 45 сон т1убай. Гьаризе гьесие сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

*Бесират ГIАДУЕВА, Гуни росу.*

## МустахIикъав вуго мун...

*Т1адег1анаб ц1ар дуе щвейи х1акъаб бук1ана,*
*Х1акъикъаталдаги мун гьелъий мустах1икълъана.*
*«Профессор» к1удияб ц1ар, жиндир маг1на гъваридаб,*
*Дур махщел-гьунаралъе роценлъунги жиб ч1олеб.*

*Жакъа гьаб росугун халкъ рохизаруна дуца,*
*Вохизавеги мунги Биччас к1иябго рукъов.*
*Борхалъуде бахараб кибго раг1араб дур ц1ар,*
*Кьер сунареб жавгьаралъ лъун батаги гьелъий кьуч1.*

*Сонал г1емер аниги, дур ц1ар к1очон тогеги,*
*Ц1ад г1адин, дур рукъобе баракатги чвахаги.*
*Чорхое сахлъи кьеги, сабру камилаб кьеги,*
*Киналго дур анищал ахал г1адин т1егьаги.*

*Т1аде баракат бугеб Бичас данде гьабеги,*
*Дагьистанго ч1ух1арав, мун нижер росуцояв.*
*Баркала дуе, Таслим, кьеги щулияб сахлъи,*
*Раг1а-ракьанго гьеч1еб, гьарзалъаги дуй рохел.*

*Ц1об г1ат1идав Аллагьас ц1унаги мун кидаго,*
*Кивехун ананиги икъбал дуе бит1аги.*
*Т1адег1анаб ц1араалъе мустах1икъав вугин мун,*
*Х1алк1олесул ц1обалъул баракат камугеги.*

**Сидрат Х1амзатханова, Гуни росу.**

*Дин ва г1умру*

# Ражаб моцIалъул хIурматалда



Дагъал цереᴦ1ан къояз Гуни росдал мадрасалда т1обит1ана руччабазул мажлис. Гьенире г1ахьаллъана – мадрасалда ц1алулел ясал ва росдал руччаби. Гьединго, гьоболлъухъ ах1ун вук1ана имам Шамиль Сидикъовги. Гьениб бицен гьабуна руччабазулгун ясазул бук1ине кколеб хьвада-ч1вадиялъул, Ражаб, Шаг1бан, Рамазан моц1азул хиралъиялъул ва цогидалги диналда хурхарал суалазул х1акъалъулъ.

Хадусан, мадрасалда ц1алулел ясазда гьоркьоб, гьениб т1обит1ана конкурс. К1иго командаялде рикьарал **(«Ассалам» ва «Нурул ислам»)** къец балез жаваб кьезе кколаан, жинда свалат-салам лъеяв, Аварагасул эбел-инсул г1умруялда, диналда хурхарал суалазе. Гьединго, хал гьабиялде росун рук1ана какичури бит1ун гьаби ва нашидал ах1и.

Бихьулеб бук1ана къецазда г1ахьаллъарал командабазул лъай бук1ин, гьел цоцаздаса нахъе кколел гьеч1олъи.

Суалазе рит1арал жавабал кьеялъулъ т1ок1лъи бихьизабуна – Вах1идат Жамалдиновалъ, Хадижат Нурах1маевалъ ва Г1айшат Г1алижановалъ.

Жигараб г1ахьаллъи гьабуразе, культураялъул Рукъалъул рахъалдасан, гьенир кьуна грамотаби ва сайгъатал.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, баркала загьир гьабизе гьеб тадбир г1уц1арай ва нухда бачарай Загьра Умалх1атовалъе. Гьединал тадбирал т1орит1изе сахлъиги къуватги кьеги гьелъие.

***Руччабазул къокъа, Гуни росу.***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Рагъулгун спорталъул хIаял

17 марталда Дилим росулъ т1обит1ана, республикаялъул даражаялда лъазарурал, рагъулгун спорталъул **«Зарница»** х1аязул районалъулаб этап. Рагъулаб хъулухъалде ах1изе заман щолел г1олилазда гьоркьор ва К1удияб бергьенлъи босаралдаса 74 сон т1убаялде т1орит1арал гьел х1аязда г1ахьаллъана лъайкьеялъул учреждениябаздаса 11 команда. Щибаб команда г1уц1ун бук1ана 7 ц1алдохъанасдасан. Спорталъул щуго ба-



т1и-бат1иял тайпабаздасан г1уц1арал гьел х1аязда (подтягивание, строевая подготовка, прыжки в длину с места, полоса препятствий, военный компонент) т1оцебесеб бак1 босана лицеялъул командаялъ, к1иабилеб бак1алде бач1ана Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школалъул команда ва лъабабилеб бак1 ккуна Гуниялъул гимназиялъул командаялъ. Призалъулал бак1ал росарал командабазе гьенир кьуна, райадминистрациялъул рахъалдасан, кубокал, медалал ва грамотаби.

Бергьенлъи босараб команда апрелалда г1ахьаллъизе буго Северияб зонаялъул этапалда.

***И. БУЛАТХАНОВ.***

# Дие бокьун буго...



Эбел! Бокьула дие дур хIеренаб кIалъай. Эбел, хирияй, дир хазинаги бечелъиги ккола мун. Мун йиго дир гIумрудул аслияб роцен. Дуе буго, эбел, кIудияб баркала гьаб гIумруялда жаниб дуца кьураб хинлъиялъухъ, гьабураб тIагIамаб квеналъухъ. Эбел, бокьун буго дие дуда релълъарайлъун йикIине.

Дун гьаб ракьалда тIад тIолго гIумруялъ налъулай йиго дуе, хирияй эбел! Дуда захIмалъи - кваралъи гIемер бихьана, хIасратай эбел. ГIагарай, хIеренай, йокьулей эбел! Дун унтани, магIуги чвахулаго, чанги угьдана мун. Дир канлъи- дарманан карандеги къан, дуца квер бахъана кьижарай дида. ТIоцебесеб галиги лъун дун йилълъунелъул, елъулаго, магIу чвахулаан дур. Йохун таги, эбел, абадиялъ мун. Йохун таги, эбел, сахлъиги кьун мун. Биччанте багIараб бакъ дуе кидаго къалъун букIине. Дие йокьулей, дир ракI лъикIай, эбел. Биччанте гьаб ракьалда киналго улбул кидаго, байрам къоялъ мун гIадин, рохун рукIине.

Микьалеб март гьоркьобккун, дирго бабае гIадин, киналго улбузе гьарула дица сахлъи ва талихI.

***Хадижат ИНГ1АБАСОВА,***
***Дилим росдал лицеялъул***
***6-аб. классалъул***

# БитIизаби

18 марталда биччараб **«Чапар»** газеталда (№10, 7 гьум.) бахъараб **«БухIараб росдае кумек»** абураб макъалаялда бугеб сураталда гъоркь хъван буго: **«КвегIиса кваранаб рахъалде - АхIмад Эмеев, Шамиль Расулов, МухтархIажи(ТIиси) ва Шиябодин МухIамадов»**,-ан.

БукIине ккола: **«КвегIиса кваранаб рахъалде - АхIмад Эмеев, Шамиль Расулов, МухтархIажи (ТIиси) ва Рамазан Къасумов»**,-ан.

Рамазанида гьарула гьеб гъалатIалда тIаса лъугьаян.

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

# Об индексации пособий семьям с детьми

В соответствии с Постановлением правительства РФ от 24.01.2019 г. №32 **«Об утверждении коэффициента индексации выплат, пособий и компенсаций в 2019 году»** установлен коэффициент индексации государственных пособий гражданам, имеющих детей, выплат и компенсаций с **1 февраля 2019 года - 1,043.**

В связи с этим с 1 февраля 2019 года пособия семьям с детьми будут осуществляться в следующих размерах:

единовременное пособие при рождении ребенка- **17479.73 рубля;**

-единовременное пособие беременной жене военнослужащего,

проходящего военную службу по призыву - **27680.97 рублей;**

ежемесячное пособие на ребенка военнослужащего, проходящего службу по призыву - **11863.27 рублей;**

ежемесячное пособие по уходу за первым ребенком- **3277.45 рублей;**

ежемесячное пособие по уходу за вторым ребенком- **6554.89 рублей;**

лицам, осуществляющим уход за ребенком, уволенным в период отпуска по ходу за ребенком, матерям, уволенным в период отпуска в связи с ликвидацией организации, размер пособия по уходу за ребенком, выплачиваемый органами социальной защиты населения, **- 13109.81 рубль.**

***Управление социальной защиты населения в МР «Казбековский район».***

Районалъул культураялъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго **Аги Агиевасда** ва т1олабго г1агарлъиялда,- эбел

**Умижат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан. Алжан насиблъаги гьелъие.

## ОБЪЯВЛЕНИЯ

Утерянный аттестат 05 ББ №0069278 об основном общем образовании, выданный Дылымским лицеем в 2008 году на имя **Усманова Камильбега Юнусовича,** считать недействительным.

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова,*
*Сапият Султанмух1амадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №216 Тираж 1430*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*